

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda kaasup salah sahiji basa daérah di Indonesia. Panyatur basa Sunda aya di tatar Jawa Barat.

Minangka salah sahiji sélér bangsa Indonesia, urang Sunda sakaruhun kénéh jeung urang Jawa, Bali, Batak, jeung lian ti éta. Urang Sunda téh ngagunakeun basa daérahna nya éta basa Sunda minangka basa kahiji atawa basa indung, ari basa Indonésia minangka basa ka dua atawa basa nasional. Masarakat Sunda sok ngayakeun patali marga jeung masyarakat séjénna, bar maké basa Indonesia. Atauh, teu anéh mun basa Sunda jeung basa Indonesia sarta basa séjénna pacampur. Ku lantaran basa Sunda jeung basa Indonesia dipaké siligenti, nya masarakat Sunda téh kaasup masarakat dwibasa.

Ieu luyu jeung pamadegan Weinrich nu nétélakeun yén panyatur basa anu bisa ngagunakeun dua basa sacara bagantén waktu komunikasi disebut dwibahasawan (Suwito, 1983:12).

Kadwibasaan éta ngakibatkeun ayana masalah, boh dina pangajaran basa Inonesia atawa basa Sunda. Waktu siswa ngagukanakeun basa Sunda, boh lisan atawa tinulis, bakal kapangaruhan ku struktur basa Indonesia, pon kitu deui sabalikna. Hal ieu disebut ogé intérférensi.

Salian kaasup kana masarakat dwibasa, siswa di Bekasi ogé kaasup kana masarakat anekabasa (multilingual). Ari anu jadi sababna asup kana masarakat

anékabasa nya éta lantaran Bekasi téh mangrupa daérah kawasan industri anu masarakatna téh lain ngan saukur masarakat asli Bekasi, tapi ogé lolobana mah masarakat pendatang ti luar Jawa Barat saperti Sumatera, Jawa Tengah, atawa Jawa Timur. Lantaran éta, basa nu aya téh loba kapangaruhan ku basa nu dipaké ku masarakat pendatang. Hususna masarakat Jawa Tengah atawa Jawa Timur anu teu bisa nyebutkeun /eu/. Contona waé, kecap *enggeus* (BS) diucapkeun sarta dituliskeun jadi *engges* ku urang Jawa. Lantaran jadi hiji kabiasaan dina ngucapkeun kekecapan ieu, jadi mangaruhan ogé kana tulisan. Hal ieu ogé sok disebut kana interférénsi.

Dina interférénsi, panyatur bilingual ngagunakeun unsur basa séjén sacara individual dina hiji basa. Kridalaksana (1993:84) nétélakeun yén interférénsi téh nya éta kasalahan basa nu ngawujud ngagunakeun unsur basa séjén dina hiji basa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Nababan.

“Interférénsi merupakan pengacuan yang disebabkan adanya saling mempengaruhi antara dua bahasa yang digunakan oleh penutur yang sama, yaitu orang yang mampu menggunakan dua bahasa atau disebut juga orang bilingual” (Nababan, 1986: 53).

Yudibrata (1989: 10) nétélakeun yén mungguhing adeganana atawa jenglénganana, tinangtu basa Sunda téh mangrupa struktur anu diwangun ku sakurang-kurangna opat unsur, nya éta sora, aturan nu ngeunteup seureuh, konstruksi/wangunan, jeung pilihan. Ku kituna, ayana unsur basa Indonesia dina basa Sunda ngaganti adegan basa Sunda baku ku struktur anu kainterférensian (Sunda kamalayan).

Suwito (1989:55) nyebutkeun yén interférénsi bisa lumangsung dina sakabéh widang linguistik nya éta fonologi, morfologi, sintaksis, jeung léksém;

boh dina lisan boh dina basa tinulis, kalawan frékuensi nu teu sarua. Interférénsi basa lisan leuwih loba tibatan basa tinulis. Ieu hal luyu jeung nu diébréhkeun ku Politzer jeung Ramirez (1973:4) anu dicutat ku Tarigan:

“Kesalahan-keasalahan dikategorikan sebagai suatu sarana pembatnu menyajikan data dan juga buat menciptakan suatu dasar bagi spekulasi ekstensial mengenai sumber-sumber bagi kesalahan tersebut. Dengan alasan ini, dikategorikan secara tradisional ke dalam kesalahan-kesalahan dalam morfologi, sintaksis, dan kesalahan kosakata ...” (1988:146).

Salah sahiji tarékah pikeun mikanyaho siswa dina ngagunakeun basa, nya éta ku jalan siswa dititah nulis atawa ngarang. Karangan anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta karangan éksposisi. Ku kituna, bakal kapanggih ayana interférénsi, dimana interférénsi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda sarta interférénsi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan interférénsi morfologi kungsi dilakukeun ku Yus Rusyana dina taun 1979. Salian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nya éta *Interférénsi Léksikal sacara Timbal Balik Bahasa Indonesia terhadap Bahasa Sunda* (Supriatna Cahyawiguna, 1988); *Interférénsi Léksikal Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Majalah Bina Da'wah* (Uhud Solehudin, 1999); *Interférénsi Morfologi Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Hutbah Juma'ah* (Siti Zulfah Haniefah, 2002).

Éta panalungtikan téh medar intérférénsi timbal balik, léksikal, jeung morfologi basa Sunda – basa Indonesia. Ari ieu panalungtikan medar interférénsi léksikal basa Indonsia sarta interférénsi ucapan (fonologis) jeung basa Jawa kana basa Sunda. Sedengkeun pedaran ngeunaan interférénsi basa Jawa kana basa Sunda anu dipedar di dieu nya éta tina wangun ucapan (fonologis) lantaran geus

jadi kabiasaan dina ngucapkeun kekecapanana ku urang Jawa ahirna mangaruhan ogé kana tulisan.

Kajadian intérférensí mindeng kapanggih dina kahirupan sapopoé, umumna dina prosés diajar ngajar basa Sunda. Ieu hal balukar tina kaayaan para siswa nu aya di Bekasi téh mangrupa panyatur dwibasa, malah teu saeutik nu mangrupa panyatur multilingual. Éta sababna panalungtikan anu judulna “Intérférensí Léksikal Basa Indonesia jueng Basa Jawa kana Basa Sunda dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan judulna *Intérférensí Léksikal Basa Indonésia jeung Basa Jawa kana Basa Sunda dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi*. Masalah anu ditalungtikna perkara intérférensí léksikal basa Indonesia kana basa Sunda sarta intérférensí ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa. Objek panalungtikanana diwatesan ngan siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Ku sabab kitu, masalah anu aya dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun kalimah pananya, ieu di handap.

- 1) Intérférensi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda anu muncul dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi?
- 2) Intérférensi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda anu muncul dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan geus kagambar dina rumusan masalah panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun intérférensi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda katut interférensi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda anu aya dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan intérférensi léksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi. Ieu panalungtikan dipiharep aya gunana pikeun pangajaran kabasaan jeung nulis siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar ieu panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

1. Basa Sunda, basa Indonesia jeung basa Jawa ngayakeun kontak waktu dipaké ku panyatur nepi ka sok timbul interférensi.

2. Interférénsi basa Sunda – basa Indonesia – basa Jawa bisa lumangsung dina unggal tataran linguistik.
3. Siswa Kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi téh kaasup multibasa Sunda – Indonesia – Jawa anu bisa ngalakukeun interférénsi.

1.6 Tiori

Dina ieu panalungtikan digunakeun tiori interférénsi anu ditepikeun dina buku *Sosiolinguistik Teori dan Problem* (Suwito, 1983), *Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan* (Yus Rusyana, 1984), *Pengajaran Analisis Kasalahan Berbahasa* (Tarigan, 1988), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 2004), jeung *Sosiolinguistik* (Abdulchaer, 2004).

1.7 Metode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Ari anu didéskripsikeun nya éta Interférénsi léksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi.

Pikeun ngumpulkeun data digunakeun téhnik tés, anu hasilna mangrupa karangan, dikumpulkeun, diklasifikasikeun, sarta dianalisis. Ari pikeun ngolah data digunakeun téhnik kasalahan basa (Tarigan dan Tarigan, 1990:188). Ieu mangrupikeun téhnik analisis kasalahan-kasalahan siswa kalawan ngagunakeun prosédur anu tangtu.

Salian ti éta, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik substitusi. Ieu mangrupa téhnik nu dipaké nitenan bagantina unsur basa nu hiji ku unsur basa lian.

1.8 Sumber Data

Luyu jeung rumusan masalah sarta watesan masalah, ieu panalungtikan ngan nalungtik interférensi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda sarta interférensi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi. Ku kituna, sumber data ieu panalungtikan nya éta hasil karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi. Tina éta sumber data ditangtukeun populasi jeung sampel.

1.8.1 Populasi

Pikeun kaperluan panalungtikan diperlukeun sumber data, nya éta subjek pikeun ngahasilkeun data. Di dieu diperlukeun panangtua sumber data nu disebut populasi. (Sudjana (1987:71) netelakeun yen nu dimaksud populasi nya éta.

Totalitas semua nilai-nilai yang sempurna, hasil menghitung ataupun pengukuran kuantitatif maupun kualitatif mengenai karakteristik tertentu dari semua kumpulan yang lengkap dan jelas yang ingin dipelajari sifat-sifatnya.

Dumasar wangenan di luhur, populasi ieu panalungtikan nya éta sakabeh hasil karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi anu jumlahna 6 kelas. Tina ieu hasil karangan, didaptar sakumna intererensi leksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa Sunda.

1.8.2 Sampel

Arikunto (2002, 109) nyebutkeun yen sampel teh nya éta bagean atawa wakil tina populasi anu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeu

sampel random, nya éta digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran nu dijadikeun subjek uji coba. Cara random dina ieu panalungtikan ku cara nyieun gulungan kerétas (undian) anu di jerona dituliskeun kelas VII A nepi VII F, jumlah undianna 6, saterusna dikocok nepi ka kalur sakelas, nu ahirna anu jadi sampel ieu panalungtikan nya éta sakabeh siswa kelas VII 6 anu jumlahna 32 siswa.

